



DOKUMEN MADRASAH
SANGAT RAHASIA



**PENILAIAN AKHIR SEMESTER
MI PSM NGALE PARON NGAWI
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Mata Pelajaran	:	Bahasa Jawa	Hari / Tanggal	:	Juni 2024
Kelas	:	V	Waktu	:	07.30-09.30

PETUNJUK KHUSUS

I. Wenehana tanda Silang (X) ing aksara a, b, c utawa d kang dadi jawaban benar !

Wacan iki kanggo nggarap soal nomor 1-5!

Elsa Golek Kayu Bakar

Ing sawijine swasana isuk sing cerah, Elsa budhal golek kayu bakar ing alas, dheweke ora ijen amarga dheweke bebarengan karo kakange. Ora krasa dheweke tekan alas sing ketel. Dheweke krungu swara swara kewan kang nyaring. Nanging dheweke wedi amarga iku mujudake pengalaman sepisanan kanggo golek kayu bakar ing alas.

1. Apa irah irahan wacan ing nduwur?
 - a. Bakar Kayu ing Alas
 - b. Ing Alas Elsa Bakar Kayu
 - c. Elsa Golek Kayu Bakar
 - d. Elsa Budhal Golek Kayu
2. Paraga ana cerita ing dhuwur
 - a. Kakange Elsa
 - b. Kewan
 - c. Kayu Bakar
 - d. Elsa
3. Ing endi papan panggonan kedadean wacan ing nduwur?
 - a. Alas
 - b. Kebon
 - c. Sawah
 - d. Omah
4. Elsa lungu ing alas karo sopo?
 - a. Emban
 - b. Kakange
 - c. Ramane
 - d. Adhine
5. Wacan ing nduwur kalebu teks
 - a. Persuasi
 - b. Narasi

- c. Dheskripsi
- d. Eksposisi
- 6. Wacan kang nerangake saweneh kegiatan kanthi runtut lan jelas, nganti sing maca koyo ngalami tenan,iku klebu golongan teks
 - a. Dheskripsi
 - b. Persuasi
 - c. Narasi
 - d. Eksposisi
- 7. Ayo dak ajari nggawe celengan lemah!
Tembung dak ajari yen diudhali miturut linggane dadi
 - a. dak – ajari
 - b. dak – ajar - i
 - c. dak - a- jar- i
 - d. dak-a-ja-ri
- 8. saben liwat pinggir tegalan,tanduran para tani sinawang katon
 - a. gemrijik
 - b. ijo royo royo
 - c. adhem
 - d. wangi

nandyan silih bapa biyung kaki nini,
sadulur myang sanak
kalamun muruk tan becik,
nora pantes yen den nuta

- 9. Guru Wilangan tembang ing nduwur yaiku
 - a. 12,6,8,8
 - b. 12,6,8,12
 - c. 6,8,12,8
 - d. 8,8,6,12
- 10. Jenis tembang macapat ing nduwur iso kagolong
 - a. Pangkur
 - b. Mijil
 - c. Maskumambang
 - d. Gambuh
- 11. Ibu mundut trasi badhe dipun paringaken bu Dhe.
Basa sing digunaake yaiku
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko andap
 - c. Karma Madya
 - d. Krama Inggil
- 12. Tegese bebasan kebo kabotan sungu yaiku....
 - a. Wong kang kesrakat uripe mergo dhemenapus apus.
 - b. Wong kang kesrakat uripe mergo demen mangan turu
 - c. Wong kesrakat uripe mergo kakehan anake
 - d. Wong kesrakat uripe mergo kakehan pakaryan
- 13. Wajik klethik gula jawa,luwih becik sing prasaja.unen unen iku diarani....
 - a. Parikan

- b. Panyendu
 - c. Paribasan
 - d. Pepindan
14. Bathok bolu isi madu tegese wong ashor nanging sugih....
- a. Kepinginan
 - b. Kepinteran
 - c. Kesehatan
 - d. keluhuran
15. Simbah Tindak peken.
Ukara ing ndhuwur sanggup diowahke dadi ngoko alus kaya...
- a. Simbah lunga pasar
 - b. Simbah lunga peken
 - c. Simbah menyang peken
 - d. Simbah kesah peken
16. Aja rame rame simbah lagi ...
- a. Thindak
 - b. Dahar
 - c. Sare
 - d. Ngunjuk
17. Pak Boletus: Tapak kebo lelene satus, klebu cangkriman awujud
- a. Pepindhan
 - b. Blenderan
 - c. Sinawung ing tembang
 - d. Wancahan
18. Teks kang ngandarake fakta, kamomot ing medhia cetak lan elektronik, isine kedadeyan utawa prastawa kang lagi dadi omongan, diarani teks ...
- a. Pawarta
 - b. Nyata
 - c. Pariwara
 - d. Slogan
19. Ing ngisor iki sing klebu jinise cangkriman pepindhan yaiku
- a. Cilik ora wedakan yen gedhe wedhakan
 - b. Sega sakepel di rubung tinggi
 - c. Sore sore ngombe kopi nasgithel
 - d. Wong mati dilompati kucing urip
20. Agus pancen ..., senengane njupuk duwite kancane.
- a. Dawa tangane
 - b. Dawa ususe
 - c. Landhep dhengkul
 - d. Rai gedheg
21. Wong sing pegaweyane nabuh gamelan
- a. Sinden
 - b. Blantik
 - c. Dhalang
 - d. Niyaga
22. Ra, ya, ga, nga kalebu pasangan sing ... saka wujud.
- a. Owah
 - b. Wutuh

- c. Ilang
- d. Ganti
- 23. . Pasangan Aksara Jawa ‘*ha, pa, sa* ‘ ditulis ana ing ... aksara kang dipasang.
- a. Sandhuwure
- b. Sangarep
- c. Samburine
- d. Sangisore
- 24. Ukara dheskripsi nggambarake samubarang kanthi
- a. Cetha
- b. Ragu ragu
- c. Remeng-remeng
- d. Kuwatir

Kanggo nomer 25-28

*Sekar Pangkur kang winarna
Lelabuhan kang kanggo wong aurip
Ala lan becik punika
Prayoga kawruhana
Adat waton puniku dipun kadulu
Miwah ingkang tata krama
Den kaesthi siyang ratri*

- 25. Tembung *sekar* tegese
- a. Nyekar
- b. Tembang
- c. Macapat
- d. Pangkur
- 26. Tembang ing dhuwur ngemu pitutur supaya wong kuwi padha mangerteni
- a. ala lan becik
- b. kasenangan
- c. kamurkan
- d. kasusahan
- 27. Guru wilangan tembang pangkur ing nduwur yaiku....
- a. 8,11,8,7,12,8,8
- b. 12,8,11,8,8,8
- c. 8,11,12,8,8,8
- d. 8,8,12,11,8,8
- 28. Guru lagu tembang Pangkur ing nduwur yaiku
- a. A,I,u,a,u,a,i
- b. A,I,a,a,u,a,i
- c. A,u,I,a,a,u,i
- d. A,u,u,a,I,a,i
- 29. Opo tegese tembung entar “*Rai Gedheg*”
- a. Isinan
- b. Ora nduwe isin
- c. Sedih
- d. Susah
- 30. Abang Kupinge tegese

- a. Lara
 - b. Dijewer
 - c. Nesu
 - d. Isin
31. Parine wis lemu lemu, atine, wis kudu ...
- a. Ketemu
 - b. Rindu
 - c. Ngguyu
 - d. Nesu
32. Ngasah arit nganti ...
Dadi murid kudu sing sregep
- a. Landep
 - b. Tugel
 - c. Srengep
 - d. Bundhel
33. Sapa sing tuku (pangan) iki?
Tembung sajroning kurung yen diwenehi panambang –an – dadi
- a. dipangan
 - b. panganan
 - c. pangannan
 - d. Pakpahan
34. Kowe apa sida lunga menyang Kediri? Krama inggile
- a. Panjenengan apa sida tindak Kediri ?
 - b. Panjenengan punapa siyos tindhak dhateng Kediri ?
 - c. Sampean punapa siyos kesah wonten Kediri ?
 - d. Sampean punapa sida kesah dhateng Kediri ?
35. Lembeyane kaya merak ..., lumrahe lembeyane wong njoget.
- a. Kesampir
 - b. Kesimpir
 - c. Kemlipir
 - d. Kepuntir

II. Wangsulana pitakon – pitakon ing ngisor iki kanthi patitis !

1. Sebutna Ciri teks narasi !
Wangsalan :
2. Sebutna 3 jenis tembang macapat!
Wangsalan :
3. Ukara ing ngisor iki karma inggilke!
Bapak arep lunga menyang Surabaya :
Wangsalan :
4. Apa tegese “Sapa nandur bakal ngundhuh” ?
Wangsalan :
5. “*Twak wader*” yen di tulis nganggo aksara jawa!
Wangsalan :

